XALÍQ DEPUTATLARÍ NÓKIS RAYONLÍQ KEŃESI
SH E SH I M I

158/30 – sanlы 2021-jыl " 29 " - iюnь

Райондағы географиялық объектлерге атама бериў ҳәм оларға қайта атама бериў мәселелери ҳаққында

Өзбекстан Республикасының "Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында"ғы Нызамының 4-статьясы талапларына муўапық, географиялық объектлер (қәбиристан ҳәм мәдений дем алыў бағы)диң атамаларын қайта көрип шығыў мақсетинде Халық депутатлары Нөкис районлық Кеңеси

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. Жергиликли халықтың тарийхый, миллий, этникалық, географиялық, тилине байланыслы ҳәм басқа өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда көрип шығылып,усынылған Өзбекстан Республикасы "Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында"ғы Нызамының 4-статьясы талапларына тийкар район аймағындағы қәбиристан ҳәм мәдений дем алыў бағы атамаларын өзгертиў бойынша усыныслар қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлық статистика бөлими (Р.Кайбуллаев)не усы шешимниң қосымшаға муўапық атамалары өзгертилетуғын географиялық объектлерди қайта дизимнен өткериў ўазыйпасы жүкленсин.

3. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Нөкис районлық Кеңесиниң социаллық-мәдений раўажландырыў мәселелери турақлы комиссиясына жүкленсin.

4. Усы шешим районлық «Ақманғыт таңы» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-sайтында жайластырылсын.

5. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Халық депутатлары Нөкис районлық Кеңеси баслығы **О.А.Уснатдинов**

NUSXA NUSXASHIRMESI DURÍS

Халық депутатлары Нөкис районлық
Кеңесиниң 2021-жыл “29”- июнь күнги
158/30 - санлы шешимине қосымша

Нөкис районы аймағындағы атама берилетуғын ҳәм қайта атама берилетуғын географиялық объектлер дизими

№	Географиялық объекттиң атамасы	Объект түри	Жайласқан орны
1.	“Әзизлер баба”	Қәбиристан	“Саманбай” АПЖ
2.	“Омар ата”	Қәбиристан	“Төктаў” МПЖ
3.	“Қарақшы қум”	Қәбиристан	“Тақыркөл” АПЖ
4.	“Қырантаў”	Қәбиристан	“Ақтерек” МПЖ
5.	“Жеңис”	Мәдений дем алыў бағы	“Ақманғыт” ППЖ